# ТЕОРИЯ ЛИТЕРАТУРЫ

# THE THEORY OF LITERATURE

**НАУЧНАЯ СТАТЬЯ**
УДК 821.352.3.09
ББК 83.3(2=602.2)6
А 95
DOI: 10.53598/2410-3489-2023-4-327-39-44

## ЖАНР РОМАНА В АДЫГЕЙСКОЙ ЛИТЕРАТУРЕ КОНЦА XX — НАЧАЛА XXI ВЕКОВ (Адыгэ романыр я 1990-рэ — 2000-рэ илъэсхэм лъэпкъ литературэм зэрэхэуцуагъэр)

(Рецензирована)

**Джульета Аминовна АХМЕТОВА**
Адыгейский государственный университет, Майкоп, Россия
*ahmetova.juljeta@yandex.ru*

**Аннотация.** Статья посвящена адыгейской романистике конца XX — начала XXI веков, ее важнейшим проблемам, основным направлениям, наиболее интересным явлениям. Исследуется важный этап в истории национального романа, научного обобщения опыта адыгейских писателей в этой области литературного творчества. Раскрываются характерные черты и тенденции развития современного адыгейского романа, констатируется влияние времени и социальных, нравственных и эстетических проблем. Для романа 90-х годов XX в. и начала XXI в. характерны демократизм и гуманизм художественного творчества, ускорение в нем трансформационных процессов, отражающих перемену идеологических ориентиров и переоценку устоявшихся художественных ценностей. Отмечается смелое новаторство авторов, многообразие в романе стилевых решений, сопрягающих элементы разных художественных систем (реализм, модернизм, постмодернизм) и создающих новые модификации эпических жанров (мифоэпический, полифункциональный, философский роман в русле магического реализма).

**Ключевые слова:** адыгейская литература, роман, типология, историческая романистика обновление эпических жанров, мифопоэтика.

**Для цитирования:** Ахметова Д. А. Жанр романа в адыгейской литературе конца XX — начала XXI веков (Адыгэ романыр я 1990-рэ — 2000-рэилъэсхэм лъэпкъ литературэм зэрэхэуцуагъэр) // Вестник Адыгейского государственного университета. Сер.: Филология и искусствоведение, 2023. Вып. 4 (327). С. 39-44. DOI: 10.53598/2410-3489-2023-4-327-39-44.

**ORIGINAL RESEARCH PAPER**

## GENRE OF THE NOVEL IN ADYGHE LITERATURE OF THE LATE 20TH — EARLY 21ST CENTURIES

**Dzhulyeta A. AKHMETOVA**
Adyghe State University, Maikop, Russia,
*ahmetova.juljeta@yandex.ru*

Abstract. The article aims to study Adyghe novelistic literature of the late 20th — early 21st centuries, its important issues, main directions, and most interesting features. It examines an important stage in the history of the national novel, the scientific synthesis of the experience of Adyghe writers

in this field of literature. The characteristic features and trends of the contemporary Adyghe novel are revealed, as well as the influence of time and social, moral, and aesthetic problems. The novels of the 1990s and the beginning of the 21st century are characterized by the democratization and humanism of artistic creativity, the acceleration of transformative processes reflecting the change in ideological orientations and reassessment of established artistic values. The authors' bold innovation, the diversity of stylistic solutions in the novel combining elements of different artistic systems (realism, modernism, postmodernism), and the creation of new modifications of epic genres (mytho-epic, polyfunctional, philosophical novel in the realm of magical realism) are noted.

**Keywords:** Adyghe literature, novel, typology, historical fiction, renewal of epic genres, mythopoetics.

**For citation:** Akhmetova Dzh. A. Genre of the novel in Adyghe literature of the late 20th — early 21st centuries // Bulletin of Adyghe State University, Ser.: Philology and Art Criticisms, 2023. No.4 (327). P. 39-44. DOI: 10.53598/2410-3489-2023-4-327-39-44.

**Пэублэр.** Адыгэ романыр лъэпкъым итхыбзэ къыдэкIуагъ, тхыгъэ литературэм къыдэхъугъ. Илъэс тIокIипл1рэ тфырэ хъугъэу мы жанрэр адыгэ литературэм елэжьы. Романыр лъэпкъым къыугупшысыгъэу щымытыгъэми, шэпхъэ гъэнэфагъэхэм икъежьапIэ атехыгъагъ. Адыгэ романым IорIуати ыкIи мифологическэ шIэжьи хэлъ, лъэпкъ гупшысакIэр къыхэщы.

**ШIэныгъэ IофшIагъэхэу ыкIи екIолIэкIэ-шIыкIэхэу гъэфедагъэхэр.** Я 1990-2000-рэ илъэсхэм адыгэ литературэм изэгъэшIэн чъэпхъыгъэ екIолIакIэхэр къыфагъотхэзэ шIэныгъэлэжьхэм яIофшIагъэхэр атхыгъэх. Непи тиIэубытыпIэх ЩэшIэ Казбек, Цуамыкъо Тыркубый, ЛъэпцIэрышэ Хъалидэ, Мамый Руслъан, Е.П. Шибинскаям, Пэнэшъу Уцужьыкъо, Пэрэныкъо Къутас янаучнэ тхылъ тхыгъэхэр.

ЕкIолIэкIэ-шIыкIэ зэхэфыкIэу гъэфедагъэхэр — къэтхыхьан, къыхэгъэщын, зэгъэпшэн-зэпэгъэуцун методхэр.

**ТегущыIэн-зэхэфыныр.** Охътэ шIукIаерэ, я 1970-рэ илъэсхэм нэс романыр КIэращэм къыхигъэщыгъэ лъэужым (итрадицие Е. П. Шибинскаям итермин) тетэу гъэпсыгъагъэ» [1: 77]. Я 1970 —1990-рэ илъэсхэм «джырэ романкIэ» тызаджэрэр агъэнэфагъэу литературэм ишIэныгъэлэжьхэм алъытэ. Мамый Руслъан зэриIорэмкIэ, я 1990-рэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу я 2000-рэм яублапIэ нэс адыгэ литературэм ияплIэнэрэ Iахьэу, «джырэ литературэкIэ» заджэхэрэм романыкIэм ишъуаши щыуцугъ» [2:250].

Мы илъэсхэм шIэныгъэлэжьхэр литературэм пкъырыплъыхьэхэзэ, зэхъокIныгъэхэу хэхъухьэхэрэм ягугъу къашIы, уахътэм дэгъоу къыхьырэм зыдебгъэштэныр зэрэнафэр къаIо. Профессорэу ЩэшIэ Казбек изыгупшысхэм ащыщ: «ЩыIэныгъэм Iофыгъо инхэр щэкIох. Ащ писательхэм пшъэрылъ инхэр къафешIых — кIэрыкIэу, — шъыпкъэм илъагъо тетэу — тищыIэныгъэ гъогу икъоу къэдгъэлъэгъонымкIэ амалэу тиIэхэм непэ заубгъугъ: шъыпкъэм ухэмышыпыхьэу къэбгъэлъэгъон фитыныгъэ щыIэ хъугъэ. Ащ къикIрэп тхыгъэ тхылъхэр кIэтхыкIыжьыгъэнэу. ТхылъыкIэхэм ятхыгъо лъэхъанэ къыихьагъ» [3: 286].

ЩыIа щымыIа романыр, непэрэ мафэм фэгъэхьыгъэу роман тиIэп — мыщ фэдэ гупшысэхэр шIэныгъэлэжьхэм къаIэты. Литературоведэу ЛъэпцIэрышэ Хъалидэ мырэущтэу ытхыгъ: «Тарихъым фэгъэхьыгъэ прозэр хэбгъэкIымэ, сэ лъэпкъ литературэм дагъоу фэсшIырэр — тыгъосэрэ щыIакIэм, Совет хабзэм ыпIугъэ-ылэжьыгъэ адыгэм джы къызынэсыгъэм къызэратегущыIэрэр, лъэхъаным диштэу зызэрэзэблимыхъурэр, непэ псэурэ цIыфым ипсихологие къызэримыубытырэр ары» [4].

Я 1990-рэ илъэсхэм адыгэ литературэм чIыпIэ шъхьаIэ тарихъ романым щиубытыгъ. Ушъхьагъу фэхъугъэхэм ащыщ илъэс пчъагъэм лъэпкъым игумэкI шъхьаихыгъэу къатхын, къаIон амылъэкIэу зэрэщытыгъэр. Я 1990-рэ илъэсхэм шъхьафит гущыIэр хэгъэгум илъ зэхъум, апэу адыгэ литературэм зызфигъэзагъэр тарихъыр

ары. Адыгэ хъишъэм щыщ къэбархэми, ІорыІуатэми ацыпэ аубытзэ, тхакІохэм романхэр къыхаутыгъэх.

Тарихъ романым укъытегущыІэн хъумэ, апэу зигугъу къэпшІымэ хъущтыр МэщбэшІэ Исхьакъ. ТхакІом уахътэу тызыхэтыр ыгъэфеди, роман пчъагъэ къыдигъэкІыгъ: «Мыжъошъхьал» (1994), «Хъан-Джэрый» (I999), «Рэдэд» (2000), «Адэгэхэр» (2003) зыфиІохэрэр. Апэрэ романитІум къагъэлъагъорэр я XIX лІэшІэгъум адыгэхэм ящыІэкІэ-псэукІ. Урыс-Кавказ заом къафихьыгъэ тхьамыкІэгъошхом лъэпкъыр къызэрелыгъэр. Романэу «РэдэдкІэ» зэджагъэм къегъэлъагъо охътэ чыжьэу я X-рэ лІэшІэгъум ыкІэм — я XI-рэ лІэшІэгъум икъежьапІэ касогхэр, меотхэр, зиххэр яшъхьафитыныгъэ къаухъумэным зэрэфэбанэщтыгъэхэр, пщэу Рэдэдэ адыгэ лъэпкъыр зыкІыныгъэм рищэлІэным иакъылрэ ыкІуачІэрэ фигъэзагъ, ыкІэм ыпсэ фитыгъ. «Адыгэхэр» зыфиІорэм — я XVI-рэ лІэшІэгъум лъэпкъыр ищыІэныгъэ хэгъэгу шІыкІэ-гъэпсыкІэм тегъэхьэгъэныр, ащ пэрыохъу фэхъурэ кІуачІэхэр къыздикІхэрэр къыгъэлъэгъоным фэгъэхьыгъ. АдыгэхэмкІэ мэхьанэшхо зиІэ гухэлъэу (идееу) — зыкІыныгъэм фэкІоныр — пкІэнчъэ зэрэхъурэр МэщбэшІэ Исхьакъ (зэрэтхэкІо цІэрыІом дакІоу политикэм чанэу хэлажьэ) изэфэхьысыжьхэм ахэтэлъагъо.

Урыс-Кавказ заом, я XX-рэ лІэшІэгъум ия 60-рэ илъэсхэм бжъэдыгъу къуаджэхэу псычІэгъ хъугъэхэм яхьылІагъ Бэгъ Нурбый ироман-поэмэу «МэшІочІэ мыкІуас» зыфиІорэр. КъыІэтрэ темэхэр уахътэкІэ зэпэчыжьэхэми, ахэр адыгэ щыІакІэмкІэ тхьамыкІэгъошхоу зэрэщытхэр усакІом кІигъэтхъэу тІури роман-поэмэм къыщызэдитыгъэх.

Адыгэ романхэр шъошэ зэфэшъхьафхэм арэуцо нахь мышІэми, лъэпкъым итарихъ къаІуатэрэр. Лъэцэр Вячеслав ироманхэу урысыбзэкІэ къыдэкІыгъэхэр «Южный крест», «Бархатный сезон», «Лавина» зыфиІохэрэр зыщытхыгъэ уахътэм укъыпкъырыкІмэ синхроннэу щытых. БлэкІыгъэ я XX-рэ лІэшІэгъум ия 90-рэ илъэсхэр криминалым зыкъиІэтыгъагъ, а иъэсипшІым икІэух дэжь романхэри къыздэкІыгъэхэр. Пэнэшъу Сэфэр итхылъэу «Бэджэхъ» зыфиІорэм къыгъэлъагъорэр охътэ зэблэкІыр ары. ТхакІохэм зы уахът къагъэлъагъорэр, тІуми пшІошъ агъэхъу, ау ятхыкІэ, ягупшысакІэ зэрэзэфэшъхьафым фэдэу произведениехэри зэфэдэхэп. Пэнэшъу Сэфэр ироман реализмэм дакІоу художественнэу зэгъэзэфагъэу щыт. Лъэцэр Вячеслав тхакІо хъуным ыпэкІэ милицием хэтыгъ, подполковникэу къулъыкъур ыухыгъ. Адыгэ литературэм Лъэцэрым ытхыгъэхэр бгъэшІэгъон икъоу къыщыхэбгъэщынхэ плъэкІыщт. Романхэм фактологиер къябэкІы, геройхэр щыІэныгъэм къыхэхыгъэ шъыпкъэх, тшІэжьхэри нахьыб, произведениехэр гъэшІэгъоных. Ащ фэдэ литературэр, шІэныгъэм зэригъэунэфырэмкІэ, цІыф жъугъэхэм апай (массовая литература) зыфэпІощтым игъунапкъэ итых.

Постмодернизмэм епхыгъ тилитературэ изэхъокІыныгъэ горэхэр: роман кІэкІыр (Къуекъо Налбый и «Къушъхьэ ябг», и «ЩымыІэжьхэм ясэнабжъ», Цуекъо Юныс «Щэмыохъу»). Тарихъым, лъэпкъшІэныгъэм, философием япхыгъэ Іофыгъохэр, ахэм къапкъырыкІырэ гупшысэ къутамэхэр зы романым зэдыхэтынхэ елъэкІы. Къуекъо Налбый ипроизведениехэм философиер акІыІу къэхъу, романым итекстрэ ежь тхакІомрэ зэпэзырызэу уяплъын плъэкІыщт ыкІи тхыгъэм кІочІэшхо иІ. Цуекъо Юныс ироманхэр тарихъым къыхэхыгъэ сюжетхэмкІэ зэхэщагъэх, нэмыкІ произведениехэм къахэхыгъэ цитатэхэм, гущыІэм пае, «Щэмыохъум» бэрэ тащыІокІэ. Постмодернизмэм изынэшэнэ шъхьаІэхэм ащыщ, ыпэкІэ щыІэгъэ литературэр гъэфедэгъэныр, игугъу непэрэ произведением къыщышІыгъэныр. ГущыІэм пае, Цуекъо Юныс ыгъэфедагъэх Юрий Тыняновым ироманэу «Смерть Вазир-Мухтара» зыфиІорэм къыхэхыгъэу: «Иноземная, барабанная музыка имен была превосходна и слишком щедра…» зыфиІорэр, Трахъо Рэмэзан итхылъэу «Черкесы» зыфиІоу,

я 1956-рэ илъэсым Мюнхен къыщыдэкIыгъэм къыхэхыгъэ пычыгъоу, урыс солдатэу Фидур ехьылIагъэр. Мыщ фэдэ щысэу къэпхьын плъэкIыщтыр макIэп. Романым хэхъытагъэх цIыф хьалэмэтхэу щыIэгъэ шъыпкъэхэу Пушкиным, Хъан-Джэрыем яобразхэу ежь къыугупшысыгъэхэр къызэбэкIхэрэр. ТегъэкощыкIыгъэхэу, художественнэ къэгъэлъэгъуакIэр нахь къегъэлъэшыкIыгъэу, тхакIор ахэм зэрафыщытыр зэримыушъэфырэр романым лъэшэу къыхэщы.

Романыр жанрэхэмкIэ зэрэзэтеутыгъэн ылъэкIыщтым екIолIэкIэ зэфэшъхьафхэр иIэх. ЛъэпцIэрышэ Хъалидэ я 1970-рэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу адыгэ романым жанрэ шъуашэхэу иIэхэрэр къыхигъэщыгъэх. ШIэныгъэлэжьым IэубытыпIэ ышIыгъэ принципхэр зэпхыгъэхэр: темэр, гъэпсыкIэ-зэхэлъыкIэр, тхакIом мурадэу ыгъэуцурэр ыкIи нэмыкIхэм. Романыр зыфэгъэхьыгъэ жанрэ лъэпкъыр къыхэбгъэщыным фэшI, — шIэныгъэлэжьым зэригъэунэфрэмкIэ, — анахьэу унаIэ зытебгъэтын фаер къебэкIырэ типологие нэшанэр ары. Литературоведым къыхигъэщыгъ: социальнэ-психологическэ роман ыкIи унэгъо-лъэпкъ роман (МэщбэшIэ Исхьакъ и «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «ШIу шIи псым хадз», Еутых Аскэр идилогиеу «Хъурышъо пшIыкIутIу»), «колхознэ» роман зыфиIорэм, хелъытэ ыпэкIэ зигугъу къышIыгъэу Еутыхым идилогиеу «Хъурышъо пшIыкIутIури», Кэстэнэ Дмитрий ироманэу «ПсыгуIан», КIэрэщэ Тембот ироманэу «Типшъашъэхэр», Пэнэшъу Сэфэр ироманэу «Шъоу дыдж»; тарихъ романыр (МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Бзыикъо зау», «Мыжъошъхьал», «Хъан-Джэрый», «Рэдэд», «Адыгэхэр», КIэрэщэ Тембот ироманэу «Шыу закъу»); тарихъ-революционнэ романыр (МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Нэфшъэгъо лъагъохэр», «Гощэунай», Лъэустэн Юсыф ироманэу «Пшъашъэмэ янэфылъ», Еутых Аскэр ироманхэу «Баржа», «Бычья кровь», «Мыжъоф кухь»); роман-биографиер (МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Гощэунай», «Хъан-Джэрый»; Кэстэнэ Дмитрий ироманэу «Шэуджэн Мос»), «военнэ» романыр (МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Агъаерэм ежэжьхэрэп», «Илъэс фыртынхэр», Лъэустэн Юсыф ироманхэу «Къушъхьэр къэнэфы», «Насып нал», Пэнэшъу Сэфэр ироманэу «Хьадырыхэ гъогу»), автобиографическэ романыр (МэщбэшIэ Исхьакъ ироманэу «Щагу хъурай»), мемуарнэ романыр (Лъэустэн Юсыф ироманэу «Джары икъэхъукIэ»); новеллистическэ романыр (КIэрэщэ Тембот ироманэу «Насыпым игъогу», Цуекъо Юныс ироманэу «Къэзгъэзэжьырэ шыухэр», МэщбэшIэ Исхьакъ и «КъокIыпIэмрэ къохьапIэмрэ»), философскэ романыр (Цуекъо Юныс и «ГъучI Тыгъужъым итаурыхъ», «Щэмыохъу»; Къуекъо Налбый и «Къушъхъэ ябг», и «ЩымыIэжьхэм ясэнабжъ») [5: 37].

Пэнэшъу Уцужьыкъо зэрэлъитэрэмкIэ: «Я XX-рэ лIэшIэгъум искусствэм къыхихыгъэ гъогухэм, философие къебэкIыным, IорIуатэм ыкIи мифым художественнэ гупшысакIэр агъэпсыгъ, стилистикэр, поэтикэр, романым ижанракIэхэр литературэм къыхэхьагъэх. Еутых Аскэр, МэщбэшIэ Исхьакъ, Къуекъо Налбый, КIэшъэкъо Алим ыкIи нэмыкIхэм ятворчествэ хэтэлъагъох» [6: 77].

КъэIогъэн фаер литературэ жанрэм ихабзэхэр къыхэбгъэщыныр псынкIэгъо Iофэп, ащ къыхэкIэу жанрэ гощынри (классификациер) гъунэпкъэ гъэнэфагъэхэм арыубытагъэп. Адыгэ тхакIо пэпчъ тхэкIэ нэшанэ хэушъхьафыкIыгъэ иI, ащ къыпкърыкIхэзэ нахьыбэмкIэ литературэ шIэныгъэлэжьхэм адыгэ романистикэр куп-купэу агощы. Тхьагъэзит Юрэ адыгэ романым игощынкIэ лъэныкъуитIу къыделъытэ: 1) лъэпкъым итарихъ шIэныгъэ эпическэу къызIэкIэгъэхьагъэныр, мыщ дэжьым шъхьаIэу къанэрэр Шолоховым итрадиций; 2) философиер прозэм хэлъэу (лирикэ-психологическэ роман) [7: 191]. Тхьагъэзитым итеорие тэ тикIэхэ романистикэ етхьылIэмэ, мыщ фэдэ сурэт тэлъэгъу: апэрэмкIэ, эпикэ-повествовательнэ (объективный) романкIэ тызаджэрэрэм хэхьах Еутых Аскэр ироманхэу «Баржа», «Бычья кровь», МэщбэшIэ Исхьакъ ироманхэу «Мыжъошъхьал», «Хъан-Джэрый»,

«Рэдэд», «Адыгэхэр», ятIонэрэ купэу лирэ-эпическэ стиль зинэшэнэ шъхьаIэу къыхэдгъэщырэм ащыщых — Бэгъ Нурбый и «МэшIочIэ мыкIуас», Пэнэшъу Сэфэр и «УIэгъэжъ», Кощбэе Пщымаф и «Дышъэ тас», Хъурымэ Хъусен и «ШIулъэгъу нэпIэхъ».

ШIэныгъэлэжьэу Пэрэныкъо Къутас неомифологизмэм рихьылIэзэ, адыгэ роман-хэм ящэнэрэ купыр къахегъэщы. Ащ зэрилъытэрэмкIэ, а купым лъэныкъуитIу щызэдэлажьэ: зымкIэ мифымрэ IорыIуатэмрэ зэгъусэу зы гъэшIыгъэ (явление) агъэпсы, адрэмкIэ — тызэсэгъэ шапхъэхэм ит романыр. Мы лъэныкъуитIур зыщызэхэхьэгъэ тхыгъэм мифопоэтическэ шъошэ гъэнэфагъэ егъоты. Мифопоэтикэм жанр шъошэ зэфэшъхьафхэр къетых: роман-притчэр («ГъучI Тыгъужъым итаурыхъ»), роман-мифыр («Каменный век», философиемрэ мифологиемрэ зыхэт романыр «Къушъхьэ ябг»), тарихъымрэ мифымрэ зэдыхэтхэу «ЩымыIэжьхэм ясэнабжъ» [8: 106]. ШIэныгъэлэжьым итеорие тыкъыпкъырыкIмэ, романым эпосымрэ мифымрэ ыкIи эпосымрэ IорыIуатэмрэ зыщызэдыхэтхэм «синтетизм» зыфа1орэр зы лъэныкъо къыхэдгъэщын тлъэкIыщт. Мыщ фэдэ художественнэ тхыгъэхэм япхьылIэмэ хъунэу тэлъытэ: Къуекъо Налбый ироманхэу «Къушъхьэ ябг», «ЩымыIэжьхэм ясэнабжъ», Цуекъо Юныс и «ГъучI Тыгъужъым итаурыхъ», и «Щэмыохъу».

Непэрэ романым инэшанэхэу къыхагъэщхэрэмэ ащыщых «ТхэкIо ныбжьыкIэхэр къыхэзгъэщыхэрэ нэшанэхэм ащыщых — цIыф зэфщытыкIэхэр, цIыфым ыгу ихъыкIхэрэр, тхылъеджэр къэгъэлъэгъогъэ хъугъэ-шIагъэм ыпчэгу ит шъыпкъэу къыщигъэхъуныр» [9:13].

**Зэфэхьысыжьыр.** Непэрэ адыгэ литературэм сыдэущтэу романыр хэуцора, аужрэ илъэсипш1ым къыхаутыгъэхэм ащыщхэр: «Болэтыкъо Джамболэт», «Лъэтегъэуцу» (Бахъукъо Ерэджыб), «Зигъо мыхъугъэ къыпцIэхэр», «Къушъхьэтхым тет унэр» (Кощбэе Пщымаф), «ЛъышIэжь», «ЛIакъом итамыгъ» (Цуекъо Юныс), «Джасус», «Рафыгъэхэр» (МэщбэшIэ Исхьакъ), «Мэлышъо зытелъэшъогъэ тыгъужъ» (Пэнэшъу Сэфэр), «Тиурам тыгъэр къыщыкъокIы» (Хъурмэ Хъусен), «Аужрэ оркъ» (ГъукIэлI Нурбый), «Шыухэр» (Чатао Инал), «Аужрэ оркъ» (ГъукIэлI Нурбый), «ШIумрэ емрэ яныбжьыкъу» (Къат Теуцожь), «ОшъогуитIум азыфагу» (ГутIэ Санят). Шъыпкъэ, шIэныгъэлэжьым зыфиIорэр «Непэрэ романым Iофыгъо шъхьаIэу иIэхэм ащыщ цIыфыр зыщыщым, дунаим зыкIытетым афэгъэхьыгъэ гупшысэхэм зэрагъэгумэкIхэрэр къыгъэлъэгъоныр» [10: 144]. Джырэ дунаим хъугъэ-шIэгъэ инхэр щызэутэкIых, ахэм гупшысакIэхэр къыздахьых. Адыгэ романым уахътэм инэшанэхэр, цIыфыр щыIэкIакIэм зэрэхэуцорэр къызэIуехых.

Нафэ къызэрэхъугъэмкIэ, адыгэ литературэшIэныгъэм лъэпкъ романыр зэхефы, уцукIэу фэхъугъэр, нэшэнакIэу къыздиштэхэрэр, гъэпсыкIэу иIэхэр къыхегъэщых. ЫпэкIэ романым ехьылIэгъэ шIэныгъэу зэрагъэуIугъэр ылъапсэу шIэныгъэлэжь пэпчъ еплъыкIэхэр лъегъэкIуатэх. Тэри джырэ адыгэ романым къыздиштэгъэ нэшэнакIэхэр къыхэдгъэщыным тытелэжьыхьэ.

**Примечания:**

1. *Шибинская Е. П.* Традиции Т. Керашева и современный адыгейский роман // История адыгейской литературы: в 3 т. Майкоп, 2002. Т. 2. С. 77.

2. *Мамый Р.* Лъэпкъым игумэкI — литературэм иIоф // Проблемы адыгейской литературы и фольклора: сб. ст. / Адыг. Респ. ин-т гуманит. исслед. им. Т. М. Керашева. Майкоп, 2005. Вып. I0. С. 250.

3. *ЩэшIэ К.* Шъыпкъэныгъэм илъагъохэр. Мыекъуапэ: Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм и Адыгэ отделение, 1989. С. 286.

4. ЛъэпцIэрышэ Хъалид Пшъэрылъ шъхьаI // Адыгэ макъ. 1998. 1он. и 25.

5. *Тлепцерше Х. Г.* Типология современного адыгейского романа // Критерий — взыскательность. Проблемы адыгейского романа и повести. Майкоп : Адыг. респ. кн. изд-во, 2008. С. 37-38

6. *Панеш У. М., Ашинова Ю. А.* Об эволюции жанровых форм 60-80 гг. XX века (на материале адыгских литератур) // Вестник Адыгейского государственного университета. Сер.: Филология и искусствоведение. Майкоп, 2021. Вып. 4 (287). С. 72-78.

7. *Тхагазитов Ю. М.* Эволюция художественного сознания адыгов: опыт теоретической истории: эпос, литература, роман. Нальчик, 1996. С. 191

8. *Паранук, К. Н.* Мифопоэтика и художественный образ мира в современном адыгском романе. Майкоп, 2006. С. 106.

9. *Timmer N.* Do You Feel It Too? The post-postmodern Syndrome. Amsterdam; New York, 2010. 385 p.

10. *Гримова О. А.* Кризис личностной идентичности в классической и неклассической прозе // Вестник Адыгейского государственного университета. Сер.: Филология и искусствоведение. Майкоп, 2021. Вып. 1 (272). С. 139-145.

**References:**

1. *Shibinskaya E.P.* Traditions of T. Kerashev and the modern Adyghe novel // History of Adyghe literature: in 3 vol. Maikop, 2002. Vol. 2. P. 77.

2. *Mamy R.* The experience of the people is a matter of literature // Problems of Adyghe literature and folklore: coll. of art. /Adyghe Rep. Institute of Humanitarian research named after T.M. Kerashev. Maikop, 2005. Iss. I0. P. 250.

3. *Shazzo K.* True paths. Maikop: Adyge department of Krasnodar Publishing house, 1989. P. 286.

4. Tleptsershe Khalid. The main task // Adyghemak.1998.

5. *Tleptsershe Kh.G.* Typology of the modern Adyghe novel // Criterion — exactingness. Problems of the Adyghe novel and stories. Maikop: Adyghe Rep. Publishing house, 2008. P. 37-38.

6. *Panesh U.M., Ashinova Yu. A.* On the evolution of genre forms of the novel of 1960-1980s. of the XX century (based on Adyghe literature) // Bulletin of the Adyghe State University. Ser.: Philology and the Arts. Maikop, 2021. Iss. 4 (287). P. 72-78.

7. *Tkhagazitov Yu. M.* Evolution of the artistic consciousness of the Circassians: experience of theoretical history: epic, literature, novel. Nalchik, 1996. P. 191

8. *Paranuk K.N.* Mythopoetics and artistic image of the world in the modern Adyghe novel. Maikop, 2006. P. 106.

9. *Timmer N.* Do You Feel It Too? The post-postmodern Syndrome. Amsterdam; New York, 2010. 385 pp.

10. *Grimova O.A.* The crisis of personal identity in classical and non-classical prose // Bulletin of the Adyghe State University. Ser.: Philology and the Arts. Maikop, 2021. Vol. 1 (272). P. 139-145.

Статья поступила в редакцию 11.09.2023; одобрена после рецензирования 15.10.2023; принята к публикации 20. 12.2023.

The paper was submitted 11.09.2023; approved after reviewing 15.10.2023; accepted for publication 20.12.2023.

© Д. А. Ахметова, 2023